

KIJAN OU KAPAB EDE

Lèt/Video: N ap rasanble leplis lèt ak video yo fanmi yo ki posib pou pote bay komite eskolè a pou kore renouvèlman kontra an vigè a. Tanpri gade pi ba a pou konsèy sou redaksyon lèt ak anrejistreman video. Ou dwe voye tout lèt ak video yo nan youn nan adrès ki annapre yo: Komite Lekòl Piblik Boston an OSWA Michael Loconto, Prezidan Komite Lekòl Piblik Boston an nan 2300 Washington Street, Boston, MA 02119.

Tanpri remèt tout lèt ak video yo bay Adkeem Jackson, Sr, Direktè Patisipasyon Fanmi ak Relasyon Ekstèn nan ajackson@upeducationnetwork.org. Tanpri remèt lèt ak video w yo lepli vit posib. N apresye èd ou!

Asiste reyinyon komite eskolè a oswa pale ladan: Avèk lekòl la ki fèmen kounye a, n ap tann enfòmasyon sou planifikasyon reyinyon komite eskolè a. N ap bay plis detay nan semèn k ap vini yo. Si w enterese asiste reyinyon komite eskolè a oswa pale ladan, tanpri voye yon imèl pou Adkeem Jackson, Sr, Direktè Patisipasyon Fanmi ak Relasyon Ekstèn nan ajackson@upeducationnetwork.org.

Rele Komite Eskolè a: N ankouraje paran yo ak manm fanmi yo pou yo kontakte Komite Lekòl Piblik Boston an nan 617-635-9014 epi kite mesaj pou soutni renouvèlman UP Academy Boston an. Lè w rele, ou kapab di, "Mwen rele pou mande w vote pou Renouvèlman Kontra UP Academy Boston an."

Voye Imèl pou Prezidan Komite Eskolè a: N ankouraje paran yo ak manm fanmi yo pou yo voye imèl pou Prezidan Komite Lekòl Piblik Boston an pou mande soutyen li. Si w ap voye imèl, pa bliye di w ap mande vòt li ak soutyen li anfavè renouvèlman kontra an vigè UP Academy Boston an. Ou kapab voye imèl pou Prezidan an, Michael Loconto, nan mloconto@bostonpublicschools.org.

KONSÈY POU EKRI, RELE, FÈ VIDEO

Ou dwe klè depi nan kòmansman mesaj ou a sou rezon ki fè w ap pran kontak la

- W ap ekri oswa pale pou soutni renouvèlman kontra UAB a
- Pi preziman w ap mande pou Komite Lekòl Piblik Boston an vote anfavè pou Konsèy Edikasyon an apwouve renouvèlman kontra UP Academy Boston an

Bagay pou souliyen

- Egzanp kijan eksperyans la nan UAB pozitif pou pitit ou a epi bon pou aprantisaj ak devlopman li
- Egzanp jan lekòl la te gen enpak dirèk sou fanmi w
- Istwa presi sou enpak pozitif lekòl la te gen sou pitit ou a ak fanmi an
- Nenpòt ki lòt bagay w anvi di ki sòti nan kè w

Soutyen w ak patisipasyon w enpòtan pou pwosesis renouvèlman an. Nou bezwen leplis lèt ak video yo posib anplis lòt jan ou kapab ede nou yo! Tanpri voye tout lèt ak video yo pou ajackson@upeducationnetwork.org.

Mèsi!